



## KOWONAVIRIS (COVID-19)

# KISA LI YE E KOUMAN POU W PWOTEJE TÈT OU

### KOWONAVIRIS (COVID-19)

- COVID-19 se yon maladi respiratwa trè kontajye kidonk moun ka transmèt li ak lòt moun rapidman e fasilman.
- Moun tout laj kapab enfekte.
- Siy ak sentom yo se tous, lafyèv ak souf kout.
- Si ou gen 60 lane oswa plis, si ou gen yon lòt pwoblèm sante tankou maladi kadyovaskilè, pwoblèm respiratwa oswa ou fè sik ou gen pi gwo risk pou ou enfekte.
- Nan ka ki pi grav yo, enfeksyon COVID-19 ka lakòz nemoni, sendwòm respiratwa egi grav epi pafwa lanmò.
- Pa gen okenn gerizon oswa vaksen pou COVID-19 kounye a.

www.medicinesforhumanity.org

### SENTOM



Lafyèv



Tous



Souf kout

### KOUMAN COVID-19 PWOPAJE

Viris sa a pase pa ti gout respiratwa ki ka deplase soti nan yon moun ki enfekte ak COVID la bay lòt moun lé li:

- Estènen ak touse;
- An kontak fizik, nan bay moun lanmen
- Nan manyen je ou, nen ou oswa bouch aprè ou fin manyen nenpòt kote e nenpòt bagay ki gen mikwòb la.
- COVID-19 ka gaye nan nenpòt ki rejyon, kèlkeswa lè a.

### KIJAN POU EVITE MALADI SA

• Lave men ou tanzantan avèk savon ak dlo ki ap koule oswa fwote men ou ak alkòl pou omwen 20 segond:

- Aprè ou fini touse oswa etènye
- Lè ou ap pran swen moun malad yo
- Anvan, pandan e aprè ou prepare manje
- Anvan ou manje
- Anvan ak aprè ou bay tete
- Aprè ou sòti nan twalèt
- Lè men ou sal
- Aprè ou fini manyen bèt oswa dechè bèt.



• Evite kontak fizik lè wap salye moun.

• Kouvri bouch ou epi nen ou ak koud ou oswa ak yon tisi lè wap touse oswa estène

• Rete a omwen 1 mètr distans de yon lòt moun

• Eseye pa touche je ou, nen ou oswa bouch ou paske sa yo pwopaje mikwòb la

• Evite krache an piblik

• Rete lwen zòn ki gen twòp moun ak evènman piblik avèk anpil moun.

• Rete lakay ou!



### KISA POU FÈ SI OU TA GEN MALADI A

Yon moun ka kontajye 2-3 jou apre yo fin ekspoze a viris la, menm si yo pa montre sentom yo. Sentom yo ka pran jiska 14 jou pou yo parèt. Prèske tout moun ki gen COVID-19 vin gen yon lafyèv. Kontwole tanperati ou souvan.

Rete lakay ou ak distans de yon 1 mètr de yon lòt moun. Kouvri bouch ou epi nen ou ak koud ou oswa ak yon tisi lè wap touse oswa estène. Lave men ou souvan. Trete sentom ou yo epi kontwole sante ou.



Pa gen okenn medikaman espesifik pou trete COVID-19. Antibiyotik pa trete maladi sa. Trete sentom yo ak medikaman pou doulè / lafyèv,

ak medikaman pou grip. Ogmante likid epi pran repo.

Si ou vin malad oswa ou fè gen souf wo, chèche konkou medikal touswit san pèdi tan.

Anpil moun gen COVID-19, men yo sèlman santi kèk ti sentom epi aprè yo soulaje. Trete tèt ou lakay ou epi pa ekspoze lòt moun. Evite vizite sant sante yo sof si ou vin malad grav.

Fanm ki ap bay timoun tete e ki gen COVID-19, dwe tire lèt la epi fè yon lòt moun bay tibebe a li pou evite ke mikwòb yo gaye

**Lèt manman an PA ka transfere viris la, men li ede yon ti bebe grandi fò ak goumen ak maladi a.**

*Tanpri Rete An Sekirite*

### KILÈ POU W METE MASK

Moun ki an sante pa bezwen mete mask.

Mete sèlman mask si wap okipe yon moun ki gen oubyen ou sispèk ki gen COVID-19 la oswa si ou malad oubyen prezante sentom yo.

Mete mask pou ka ede nan limite pwopagasyon maladi a, men yon sèl mask pa enpèchew transmè enfeksyon an!

Mask la ap itil ou sèlman lè ou itilize li byen ak lave men ou souvan.



### KONNEN ENFMASYON SA YO.

#### PA PANIKE W.

Sonje ke nou tout dwe ede pou anpeche maladi sa a gaye. Sa vle di pran prekosyon pou ou ka an sekirite - menm si ou santi ou an sante e ou pa kwè ou te ekspoze.

Pou plis enfòmasyon, mande travayè sante kominotè nan lokal ou a.